

SI KANCIL

ing sawijine dina kancil mlaku-mlaku, tekan ing tegal patimunan. ing tegal mau ketemu karo wong-wongan. kancil takon “sapa kowe?”. wong-wongan mau ora njawab apa-apa. “he...ditakoni kok meneng wae!”. wong-wongan mau banjur ditepang dening si kancil mak plek! sikile kancil kelet ing wong-wongan mau.

“ayo sikilku culna!” pambengoke si kancil. “yen ora mbok culna, tak jotos pisan, lho kowe!”, mak thes... tangan tengene si kancil kelet. genti tangan kiwo njotos, mak thes ... kelet maneh. kancil saiki wis ora bisa obah, mung mripate kethap-kethip karo nangis.

(Kapethik saking Mutiara Basa Jawa, Kelas 1)

Jodokna karo jawaban sing bener

1. Apa irah - irahan saka cerita kui ?

nangis

2. Sapa sing mlaku mlaku ana tegal?

kelet

3. Apa sing ditakonke kancil nalika ketemu karo wong - wongan?

sapa kowe?

4. Kepiye sikile kancil nalika nepang wong-wongan?

Si Kancil

5. Kancil wis ora bisa obah, mung mripate kethap kethip karo ...

kancil